

KONSTRUKSI RESULTATIF ING BASA JAWA

NICKA CITRA PURWANINGRUM

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
nickapurwaningrum@mhs.unesa.ac.id

Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si.

Dhosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Konstruksi resultatif ing basa Jawa minangka perangan makna lan isi sajroné semantik gramatikal. Konstruksi resultatif dicakaké sajroné ukara kanthi tujuan ngirit tembung. Sajroné basa Jawa, konstruksi resultatif lumrah digunakaké nanging ora nduweni jeneng sing mligi, mula panliten iki kalebu panliten sing mirunggan. Panliten iki uga kalebu manjila amarga nduweni tata urutan sing mligi. Panliten ngenani konstruksi resultatif ing basa Jawa isih winates, mligine ngenani perangan lan tata urutane. Mula saka kuwi panliten iki nduweni tujuan kanggo ngandharake lan njlentrehake tata urutan wujud, guna, lan kalungguhan sajroné perangan konstruksi resultatif. Asil panliten iki nduweni paedah teoretis yaiku bisa awèh guna tumrap pangrembakane ilmu basa Jawa mligine semantik lan sintaksis. Dene paedah praktis bisa nambahi materi pasinaon ing pawiyatan luhur.

Panliten iki nggunakaké teori transformasi generatif. Tata makaryane teori transformasi generatif diperang dadi telu adhedhasar triaspek sintaksis, yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Panliten iki kalebu jinis panliten dheskriptif sing asipat sinkronis. Dhata lan sumber dhata sajroné panliten iki yaiku konstruksi resultatif ing basa Jawa awujud ukara sing dijupuk saka kalawarti Jaya Baya taun 2015-2017. Dhata diklumpukaké nganggo metodhe nyathet. Tatacarane njlentrehake dhata nggunakaké metodhe agih. Asile njlentrehake dhata disuguhake nggunakaké metodhe formal informal.

Asile panliten iki awujud tata urutan sajroné perangan konstruksi resultatif. Kanggo mbedakaké ing antarane perangan kasebut bisa dideleng saka wasesane. Adhedhasar andharan kasebut bisa didudut yen konstruksi resultatif ing basa Jawa diperang dadi loro. Panliten iki njangkepi panliten-panliten sadurunge. Senadyan njangkepi, nanging isih akeh topik saka konstruksi resultatif sing durung diandharake kanthi njlimet sajroné panliten iki, diajab ana panliten maneh sing bisa njangkepi.

Tembung-tembung wigati : Konstruksi, Konstruksi resultatif.

BAB I

PURWAKA

Isine bab I iki ngenani (1) landhesane panliten, (2) punjer lan underane panliten, (3) ancane panliten, (4) paedha panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

LANDHESANE PANLITEN

Konstruksi resultatif mujudake salah sawijine perangan konstruksi sing dumadi ing saperangan basa. Sajroné basa Jawa konstruksi resultatif lumrah digunakaké nanging ora nduweni jeneng sing mligi. Konstruksi resultatif ing basa Jawa kerep dipadhakaké karo rurabasa. Kekarone memper nanging ora padha, tegese saperangan jinis konstruksi resultatif kalebu rurabasa nanging rurabasa durung mesthi kalebu konstruksi resultatif. Konstruksi resultatif ing basa Jawa minangka perangan makna lan isi

sajroné semantik gramatikal. Konstruksi resultatif bisa dicakaké sajroné ukara ing basa Jawa kanthi tujuan ngirit tembung sing digunakaké.

Panliten ngenani konstruksi resultatif iki wis tau ditindakaké dening saperangan pawongan kayadene Chaer (2002), (2006), lan Tadjuddin (2005), nanging kabèh nлити ing basa Indonesia. Tomioka (2006) uga nлити ngenani konstruksi resultatif sing dumadi ing basa Inggris lan basa Jepang. Nadjalkov (1983) ngandharake ngenani konstruksi resultatif ing basa Cina lan Arab.

Konstruksi resultatif ing basa Jawa dumadi sajroné ukara. Kanggo nitiki yen sajroné ukara kasebut ngandhut konstruksi resultatif yaiku kanthi nitiki sesambungan antarane tembung kriya lan lesan sajroné ukara. Yen sajroné ukara kasebut ngandhut asil saka tumindaké paraga, mula ukara kasebut kalebu konstruksi resultatif. Tuladhane yaiku “Ibu-ibu nggawe jadah”,

tembung “nggawe” sajrone ukara kasebut nuduhake tumindak sing prodhuktif, tegese tumindak sing nuwuhake asil. Dene samubarang sing dadi asil saka tumindak “nggawe” ditulis minangka lesan yaiku “jadah”. Kanggo nitiki yen “jadah” kasebut kalebu asil yaiku “jadah” ora bakal ana yen tumindak “nggawe” ora ditindakake. Asil sajrone ukara ora mung nglungguhi guna minangka lesan, bisa uga dadi siji karo wasesane, tuladhane “Widayati nyrundeng”. Sajrone ukara kasebut asil saka tumindake paraga ora ditulis minangka lesan. Asil sajrone ukara kasebut ana sajrone tembung kriya ing wasesane. Tembung kriya “nyrundeng” asale saka tembung aran “srundeng” sing bisa dadi asil saka tumindak “nyrundeng” kasebut.

Panliten ngenani konstruksi resultatif ing basa Jawa iki kalebu panliten sing mirunggan lan manjila. Diarani mirunggan jalaran konstruksi iki nduweni tata urutan tembung sing mligi. Dene manjila jalaran konstruksi iki bisa kalebu basa sing salah kaprah nanging lumrah digunakake sajrone bebrayan. Saliyane kuwi panliten ngenani konstruksi resultatif ing basa Jawa iki isih winates diteliti. Panliten sing wis ana lumrahe mung menehi tuladha lan andharan saklebatan wae. Mula sajrone panliten iki bakal diandharake ngenani titikan lan perangan konstruksi resultatif sing luwih mligi. Konstruksi resultatif ing basa Jawa sajrone panliten iki diperang dadi loro, yaiku konstruksi resultatif deprakategorial, lan konstruksi resultatif denominal.

Adhedhasar jinise konstruksi resultatif ing basa Jawa kasebut, teori sing digunakake sajrone panliten iki yaiku teori transformasi generatif kanthi nggunakake cara kerjane triaspek sintaksis yaiku adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhan. Konstruksi resultatif ing basa Jawa iki nduweni tujuwan kanggo ngerteni kepriye titikane ukara sing ngandhut konstruksi resultatif. Perangan-perangane konstruksi resultatif nalika ana ing sawijine ukara diperang adhedhasar linggane wasesa. Konstruksi resultatif kalebu semantik gramatikal.

Dhata sajrone panliten awujud konstruksi resultatif ing basa Jawa, dene sumber dhata saka panliten iki yaiku ukara sing ngandhut konstruksi resultatif dijupuk saka kalawarti Jaya Baya taun 2015-2017. Panliti njupuk dhata saka kalawarti Jaya Baya amarga kalawarti kasebut basane kalebu ragam basa ngoko. Dene panliti njupuk dhata kalawarti Jaya Baya taun 2015-2017 amarga dhatane kalebu basa Jawa ing jaman saiki.

UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar landhesane panliten kang wis kasebut ing ndhuwur, sing dadi punjere panliten iki yaiku triaspek sintaksis saka konstruksi resultatif. Triaspek sintaksis diperang dadi telu yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Kanthi dhasar kasebut mula underane panliten iki yaiku:

- 1) Kepriye tata urutan wujud, guna, lan kalungguhan sajrone konstruksi resultatif deprakategorial?
- 2) Kepriye tata urutan wujud, guna, lan kalungguhan sajrone konstruksi resultatif denominal?

TUJUWANE PANLITEN

Adhedhasar punjere panliten ing ndhuwur, tujuwane panliten iki kanggo ngandharake lan njlentrehake triaspek sintaksis sajrone konstruksi resultatif ing basa Jawa. Dene adhedhasar underane panliten, tujuwane panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake:

- 1) Tata urutan wujud, guna, lan kalungguhan sajrone konstruksi resultatif deprakategorial.
- 2) Tata urutan wujud, guna, lan kalungguhan sajrone konstruksi resultatif denominal.

PAEDAHE PANLITEN

Asile panliten iki awujud jlentrehan ngenani triaspek sintaksis sajrone konstruksi resultatif. Saka asil panliten iku bisa menehi paedah teoretis lan paedah praktis sing diandharake ing ngisor iki.

Paedah Teoretis

Asil panliten iki bisa aweh guna tumrap pangrembakane ilmu basa Jawa ing bidhang semantik lan sintaksis bab relasi semantik gramatikal ngenani konstruksi resultatif ing basa Jawa. Ing bidhang semantik ngrembakakake teori ngenani teges, dene ing bidhang sintaksis ngrembakakake teori ngenani triaspek sintaksis. Panliten ngenani konstruksi resultatif iki diajab bisa nyampurnakake tata basa sing wis ana.

Paedah Praktis

Asile panliten iki kanggo menehi sumbangan praktis yaiku bisa nambahi materi sajrone kuliyah ngenani ilmu semantik lan sintaksis. Panliten iki uga bisa dadi sumber pangrembakane materi pasinaon ing sekolahan.

WATESANE PANLITEN

Panliten iki diwatesi telung perkara, yaiku (1) topik, (2) dhata lan sumber dhata, lan (3) cara njinggleng. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki:

- 1) Topik panliten iki ngenani konstruksi resultatif ing basa Jawa.
- 2) Dhata lan sumber dhata panliten iki awujud konstruksi resultatif sajrone ukara ing kalawarti Jayabaya taun 2015-2017.
- 3) Carane njinggleng yaiku nggunakake teori transformasi generatif. Panliten iki dijlentehake nggunakake teori transformasi generatif kanthi nggunakake cara kerjane teori triaspek sintaksis

yaiku konstruksi resultatif ing basa Jawa adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhan.

PANJLENTREHE TETEMBUKUNGAN

Tetembungan sing digunakake ing panliten iki ana papat, yaiku (1) konstruksi resultatif, (2) prakategorial, lan (3) inkorporasi. Saben tetembungan kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

- 1) Konstruksi resultatif yaiku Konstruksi resultatif yaiku sawijine konstruksi ukara sing nuwuhake asil saka tumindak sing dilakokake dening jejer (Nedjalkov, 1988:28). Uga ana panemu sing ngandharake yen resultatif yaiku tumindak sing awujud tembung kriya sajrone predikat klausa kasebut menehi asil kayadene sing awujud nomina sajrone objek klausa kasebut (Chaer, 2006:58)
- 2) Deprakategorial yaiku transposisi prakategorial (bakale tembung) sing owah dadi tembung kriya sawise antuk ater-ater (N). Prakategorial miturut Verhaar (1978) yaiku bakale tembung sing ora bisa madeg dhewe. Prakategorial bisa dadi tembung yen wis ngalami owah-owahan morfologis kayata wuwuhan, seselan, utawa panambang. Tuladha prakategorial yaiku “jait”, “tulis”, “bangun”, “godhog”, lsp. Dene deprakategorial tuladhane “nulis”, “njait”, “mbangun”, lsp.
- 3) Denominal yaiku transposisi tembung aran sing owah dadi tembung kriya kanthi proses morfemis. Tembung aran sing wiwitane kalebu monomorfemis sawise dadi tembung kriya owah dadi tembung polimorfemis (Sudaryanto, 1992:21).

BAB II

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tintingan kapustakan sajrone panliten iki diperang dadi telu, yaiku (1) panliten saemper, (2) konsep-konsep panliten, (3) landhesan teori. Andharan luwih jangeke ing ngisor iki.

Panliten Saemper

Panliten ngenani Konstruksi resultatif kang wis ditindakake ing antarane yaiku panlitene Chaer (2006) kanthi irah-irahan *Bahasa Indonesia dalam Masyarakat, Telaah Semantik*. Panliten kasebut ngandharake yen sesambunganane verba lan nomina kaperang dadi loro, yaiku sesambungan sing asipat sasaran lan sesambungan sing asipat asil. Panlitene Chaer (2002) kanthi irah-irahan *Pembakuan Bahasa Indonesia* ngandharake yen konstruksi resultatif kayata “dheweke adang sega”, “dheweke ngedhuk sumur”, “adhik nulis layang” kasebut kalebu logika basa nanging isih bisa dijlentrehake mawa gramatikal lan semantik.

Panliten ngenani konstruksi verba liyane uga tau ditindakake dening Wedhawati, dkk. (1990) kanthi irah-irahan *Tipe-tipe Semantik Verba Bahasa Jawa*. Panliten iki ngandharake peranganane tipe-tipe semantik verba adhedhasar wilayah maknane. Panliten sabanjure ngandharake ngenani wujud, guna, lan kalungguhan, yaiku

awujud skripsi kanthi irah-irahan *Wujud, Guna, lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma* ing taun 2014 diandharake dening Dita Candra Astari, isine andharan kasebut ngenani pamerange wujud, guna, lan kalungguhan rimbag bawa-ma kanthi metodhe dhistribusional.

Panliten iki njangkepi panliten-panliten sing wis ana sadurunge. Saka panliten-panliten kang wis dileksanakake sadurunge, bisa diweruhi yen panliten ngenani triaspek sintaksis sajrone konstruksi resultatif ing basa Jawa isih winates ditliti. Panliten iki minangka panliten kang njlentrehake aspek sintaksise konstruksi resultatif sing diperang dadi telu, yaiku wujud (*kategori*), guna (*fungsi*), lan kalungguhan (*peran*) kanthi metodhe dhistribusional.

Konsep-konsep Panliten

Konsep yaiku gambaran mental saka objek, proses, utawa apa wae kang ana ing njabane basa kang digunakake akal budi kanggo ngerteni bab liyane (KBBI, 2004). Konsep sa

jrone panliten ngenani konstruksi resultatif ing basa Jawa iki diandharake ing ngisor iki.

Konstruksi Resultatif ing Basa Jawa

Konsep konstruksi resultatif ing basa Jawa iki diperang dadi telu yaiku (1) tegese konstruksi resultatif ing basa Jawa, (2) titikane konstruksi resultatif ing basa Jawa, lan (3) jinise konstruksi resultatif ing basa Jawa.

Tegese Konstruksi Resultatif

Konstruksi resultatif yaiku struktur konstruksi sajrone ukara sing nuwuhake asil saka tumindake paraga. Miturut Nedjalkov (1983:6) konstruksi resultatif yaiku sawijine ukara sing ngandhut tumindak sing bisa nuwuhake asil. Sajrone buku kanthi judhul *Bahasa Indonesia dalam Masyarakat: Telaah Semantik* iki diandharake yen sesambungan semantik sajrone konstruksi resultatif diperang dadi loro, yaiku (1) sesambungan asipat sasaran, tegese lesane arupa sasaran saka tumindake paraga lan (2) sesambungan asil, tegese tumindake paraga minangka wasesa sajrone ukara kasebut nuwuhake asil awujud tembung aran minangka lesan sajrone ukara (Chaer 2006:57-58).

Titikane Konstruksi Resultatif ing Basa Jawa

Titikane konstruksi resultatif ing basa Jawa diperang dadi telu, yaiku (1) titikan morfologis, (2) titikan sintaktis, lan (3) titikan semantis. Tetelune dijlentrehake ing ngisor iki.

Titikan Morfologis

Titikan morfologis saka konstruksi resultatif yaiku anane panambang sing bisa ditambahake sajrone

tembung kriya minangka tumindake paraga. Tembung kriya sing bisa ditambahi panambang (-an) lan nuduhake asil, tegese ukara kasebut kalebu konstruksi resultatif.

Titikan Sintaktis

Titikan sintaktis saka konstruksi resultatif yaiku wasesane dibuktekake nganggo tembung “ora” lan asile dibuktekake nganggo tembung “dudu”. Wasesa sajrone konstruksi resultatif awujud tembung kriya, mula bisa dibuktekake kanthi nambahi tembung “ora” ing sangarepe tembung. Dene asil sajrone konstruksi resultatif awujud tembung aran, mula bisa dibuktekake kanthi nambahi tembung “dudu”.

Titikan Semantis

Titikan semantis saka konstruksi resultatif yaiku wasesane nduweni kalungguhan solah lan faktitif. Dene lesane nduweni kalungguhan asil. Konstruksi resultatif sing wasesane nduweni kalungguhan faktitif ora nduwe lesan. Dene asil sing dituwuhake saka tumindake paraga ana sajrone linggane tembung kriya.

Jinise Konstruksi Resultatif ing Basa Jawa

Adhedhasar triaspek sintaksis, konstruksi resultatif ing basa Jawa diperang dadi loro, yaiku (1) konstruksi resultatif deprakategorial, lan (2) konstruksi resultatif denominal. Andharan luwih jangkepe ing ngisor iki.

Konstruksi Resultatif Deprakategorial

Konstruksi resultatif deprakategorial yaiku konstruksi resultatif sing dumadi saka tembung kriya kanthi lingga prakategorial. Tembung kriya deprakategorial nuduhake salah sawijine wujud tembung kriya sing tembung linggane saka bakale tembung utawa prakategorial. Tuladhane tembung kriya deprakategorial yaiku “nulis”, tembung kriya “nulis” asale saka bakale tembung “tulis”. Prakategorial bisa dadi tembung yen wis ngalami owah-owahan morfologis kayata wuwuhan, seselan, utawa panambang (Verhaar:1978).

Konstruksi resultatif deprakategorial diperang dadi telu yaiku (a) konstruksi resultatif deprakategorial prodhuktif, (b) konstruksi resultatif deprakategorial substantif, lan (c) konstruksi resultatif deprakategorial instrumental.

Konstruksi Resultatif Denominal

Konstruksi resultatif denominal yaiku konstruksi resultatif sing dumadi saka transposisi tembung aran sing owah dadi tembung kriya. Kanggo mbedakake antarane konstruksi resultatif deprakategorial lan konstruksi resultatif denominal yaiku saka linggane tembung kriya sing dienggo. Sajrone konstruksi resultatif denominal

migunakake tembung kriya sing linggane awujud tembung aran instrumental lan tembung aran faktitif. Adhedhasar linggane wasesa kasebut, konstruksi resultatif denominal diperang dadi loro yaiku (a) konstruksi resultatif denominal instrumental, lan (b) konstruksi resultatif denominal faktitif.

Teori kanggo Panliten iki

Teori kang digunakake minangka landhesan ing panliten iki yaiku teori transformasi generatif. Cara kerjane transformasi generatif yaiku nganalisis aspek wujud, guna, lan kalungguhan.

Wujud sajrone Konstruksi Resultatif

Miturut pamawase Sasangka (2011:108), wujud tembung kaperang dadi sepuluh, yaiku tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, tembung katrangan, tembung sesulih, tembung wilangan, tembung ancer-ancer, tembung panggandheng, tembung panyilah, lan tembung sabawa utawa panguwuh. Dene miturut panemune Subagyo (2009:2-3) wujud tembung kaperang dadi papat yaiku tembung kriya, tembung aran, tembung kahanan, lan tembung katrangan.

Padmoseekotjo (1987:107) nduweni panemu sing beda, miturut wujud tembung ana sepuluh perangan, ing antarane yaiku tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, tembung katrangan, tembung sesulih, tembung wilangan, tembung ancer-ancer, tembung pangiket, tembung panyilah, lan tembung sabawa utawa panguwuh.

Adhedhasar anggotane, wujud tembung ing kene kaperang dadi loro, yaiku wujud sintaksis tinarbuka kaperang saka (1) tembung kriya, (2) kahanan, (3) aran, lan (4) katrangan. Kapindhone yaiku jinis sintaksis katutup, kaperang saka (1) tembung sesulih, (2) tembung wilangan, (3) tembung ancer-ancer, (4) tembung panggandheng, (5) tembung panguwuh, lan (6) partikel (Wedhawati, 2001:17).

Miturut teori struktural wujud tembung bisa diperang dadi papat, yaiku tembung kriya, tembung kahanan, lan tembung katrangan (Alwasillah, 2011:58). Dene miturut teori transformasi generatif wujud tembung bisa diperang dadi tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, lan tembung panyilah (Alwasillah, 2011:99).

Saka andharan ing ndhuwur, wujud sing ana sajrone konstruksi resultatif ana loro, yaiku tembung aran lan tembung kriya. Panganggone tembung aran sajrone konstruksi resultatif kaperang dadi loro, yaiku tembung aran insani minangka paraga lan tembung aran non-insani mujud minangka asil. Dene tembung kriya sing dienggo sajrone konstruksi resultatif diperang dadi lima adhedhasar jinise. Tembung kriya kasebut ing antarane tembung kriya deprakategorial prodhuktif, tembung kriya deprakategorial substantif, tembung kriya deprakategorial instrumental, tembung kriya instrumental, lan tembung kriya faktitif.

Guna sajrone Konstruksi Resultatif

Guna mujudake salah sawijine triaspek sintaksis. Guna manggon ana ing perangan sintaksis kang struktural. Sudaryanto (1991:126) ngandharake jinise guna ing basa Jawa kaperang dadi jejer, wasesa, lesan, katrangan, lan pangganep. Wedhawati (2001:18) nerangake menawa guna kaperang saka jejer, wasesa, geganep, lesan, lan katrangan. Dene Subagyo (2009:3) ngandharake yen guna kang baku ing ukara kuwi kaperang dadi jejer, wasesa, lesan, panggenah, lan katrangan.

Guna adhedhasar teori transformasi generatif bisa diperang dadi lima, ing antarane yaiku jejer, wasesa, lesan, geganep, lan katrangan (Alwasillah, 2011:80). Perangan saka guna kasebut diandharake ing ngisor iki.

- a. Jejer : perangan kang dadi bakuning ukara. Manut pranataning ukara jejer iku lumrahe dumunung ing ngarep, nanging uga ana sing dumunung ing tengah utawa ing pungkasan ukara (Sasangka, 2011:156). Jejer lumrahe dumunung ana ing sakiwane wasesa. Kanggo mangerteni yen tembung kasebut nduweni guna jejer dibuktekake kanthi tembung patanya, sapa, lan apa (Sudaryanto, 1991:127)
- b. Wasesa : perangan kang dadi punjering ukara (Sasangka, 2011:160). Wasesa lumrahe dinggoni tembung sing nduweni wujud tembung kriya utawa frase kriya, nanging wasesa uga bisa dinggoni tembung sing nduweni wujud tembung kahanan, tembung wilangan, tembung aran utawa frase aran (Sasangka, 2013:162).
- c. Lesan: ana yen ukarane awujud ukara tanduk amarga ukara tanggap ora nduweni lesan (Sasangka, 2011:163). Lesan iku perangan kang gumantung marang wasesane ukara. Yen wasesa ukara awujud tembung aran, tembung kaanan, utawa frasa ancer-ancer, ukara iku ora ana lesane.
- d. Geganep: kalebu perangan ukara kang gunane njangkepi wasesa. Ukara kang ana geganepe iku lumrahe wasesane awujud tembung kriya. Geganep ora padha karo lesan amarga lesan bisa didadekake jejer ing ukara tanggap, nanging geganep ora bisa didadekake jejer ing ukara tanggap (Sasangka, 2011:167).
- e. Katrangan: mujudake kalungguhan ing titi ukara kang paling maneka warna lan mapane ora tetep, kadhang katrangan bisa ana mburi, ngarep, utawa tengah ukara. sifate katrangan ora kudu ana, utawa diarani prabot ora baku. Nanging katrangan biyasane wujud tembung aran (Subagyo, 2014:37).

Adhedhasar andharan kasebut guna sing bisa ngisi konstruksi resultatif ing antarane yaiku jejer, wasesa, lan lesan. Jejer mesthi ana ing saben perangan konstruksi resultatif amarga jejer minangka bakune cerita. Jejer

sajrone konstruksi resultatif awujud tembung aran insani. Wasesa uga minangka guna sing kudu ana sajrone konstruksi resultatif, amarga nuduhake bakune ukara. Wasesa sajrone konstruksi resultatif awujud tembung kriya pakaryan sing bisa nuwuhake asil. Dene lesan sajrone konstruksi resultatif awujud tembung aran non-insani mujud lan minangka asil saka tumindake paraga. Sajrone salah siji perangan konstruksi resultatif yaiku konstruksi resultatif faktitif, lesan ora ana amarga asil wis ditulis minangka linggane wasesa. Dene ana tembung aran non-insani mujud sing manggon sawise wasesa, kuwi nuduhake geganep.

Kalungguhan sajrone Konstruksi REsultatif

Miturut pamawase Sudaryanto (1991:13), kalungguhan kalebu tataran kang katelu lan paling asor drajat abstrake yen dibandhingake karo aspek liyane. Perangane kalungguhan kaperang dadi paraga, sasaran, reseptif, benefaktif, faktor, target, lokatif, kompanional, piranti, wektu, lan metodhe (Sudaryanto, 1991:151-153). Dene Kridalaksana (1986:4-6) merang kalungguhan dadi 19 perangan, ing antarane yaiku pananggap, panggonan, paraga, sumber, tokoh, jangkauan, pokok, cara, ciri, peserta, arah, pasien, sasaran, wektu, asil, asal, peruntung, piranti, lan ukuran.

Ramlan (1987:135) ngandharake perangane kalungguhan adhedhasar gunane yaiku: (1) kalungguhan kang dilungguhi guna jejer yaiku paraga, panandhang, piranti, panggonan, panampa, pangenal; (2) kalungguhan kang dilungguhi guna wasesa, yaiku tumindak, kahanan, panggonan; (3) kalungguhan kang dilungguhi guna lesan yaiku panandhang, panampa, panggonan, piranti, lan asil; (4) kalungguhan kang dilungguhi guna yaiku panandhang lan piranti; (5) kalungguhan kang dilungguhi guna katrangan yaiku panggonan, wektu, panampa, lan cara.

Miturut Wedhawati (2001:20), kalungguhan yaiku konsep semantis-sintaksis kang gandheng karo makna struktur sintaksis. Miturut Wedhawati (2001:478) perangan saka kalungguhan kasebut adhedhasar kategori wasesane, ing antarane yaiku:

1. Kalungguhan kang disandhang dening tembung kriya, yaiku paraga, pengalaman, faktor, panandhang, panyarta, paraga-panandhang, paraga-panyarta, asil, peruntung, tujuwan, papan, piranti, lan asal.
2. Kalungguhan kang disandhang dening wujud tembung saliyané tembung kriya, yaiku tokoh, pokok, paraga, papan, lan peruntung.

Adhedhasar andharan para panliti basa ing ndhuwur perangan jinise kalungguhan diperang adhedhasar gunane yaiku:

1. Minangka konstituen utama kang manggon ing guna wasesa lan dadi punjere ukara, perangan kalungguhan ing antarane yaiku:

- 1) Proses, yaiku kalungguhan kang majibake anane jejer kanthi kalungguhan sumber.
- 2) Kahanan, yaiku kalungguhan kang majibake anane jejer kanthi kalungguhan panandhang.
- 3) Solah, yaiku kalungguhan kang majibake anane jejer kanthi kalungguhan paraga tanduk lan lesan kanthi kalungguhan panampa utawa panandhang.
- 4) Tanggap, kalungguhan kang majibake anane jejer kanthi kalungguhan paraga tanduk lan lesan kanthi kalungguhan panampa utawa panandhang.
- 5) Tanggap, kalungguhan kang majibake anane jejer kanthi kalungguhan panampa utawa panandhang lan lesan kanthi kalungguhan paraga.
- 6) Tanggap tarung, yaiku kalungguhan kang majibake anane jejer kanthi kalungguhan paraga lan panandhang.
- 7) Bali angga.
- 8) Bali angga tanduk.
2. Minangka konstituen panyengkuyung, peranan kalungguhan ing antarane yaiku:
 - 1) Paraga, yaiku kalungguhan kang disandhang dening maujud urip kang nindakake pakaryan kang digambarake dening wasesane.
 - 2) Panandhang, yaiku kalungguhan kang nerangake anane maujud urip kang kena ing solah kang digambarake ana ing tembung kriya tanduk lan tanggap.
 - 3) Objektif, yaiku kalungguhan kang nerangake anane maujud ora urip kang kena ing solah kang digambarake ana ing tembung kriya tanduk lan tanggap.
 - 4) Kompanial, yaiku kalungguhan kang disandhang dening maujud minangka panyarta supaya kaleksanane sawijine solah kaya linggane.
 - 5) Reseptif, yaiku kalungguhan kang disandhang dening maujud insani kang ngalami kedadeyan utawa kahanan kang ana sesambungane karo kajiwan.
 - 6) Paraga panandhang, yaiku kalungguhan kang disandhang dening maujud kang dadi paraga sarta panandhang solah kang digambarake linggane.
 - 7) Asil, yaiku kalungguhan kang disandhang dening maujud minangka asil saka solah.
 - 8) Faktor, yaiku kalungguhan kang disandhang dening maujud ora urip kang njalari anane proses utawa kedadeyan kang ora disengaja.
 - 9) Papan, yaiku kalungguhan kang disandhang dening maujud minangka panggonan dumasane kedadeyan utawa solah kang digambarake wasesane.
 - 10) Piranti, yaiku kalungguhan kang disandhang dening maujud ora urip minangka piranti kalaksanane solah.
 - 11) Tujuwan, yaiku kalungguhan kang disandhang dening maujud kang dadi papan pungkasaning solah kaya ing linggane.
 - 12) Asal, yaiku kalungguhan kang disandhang dening maujud kang dadi asal utawa sumber dumasane samubarang kaya linggane.

(Wedhawati, 2001:474-485); Ramlan (1987:135); (Sudaryanto, 1991:151-153); Kridalaksana (1986:4-6); lan Verhaar (2006:167).

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, kalungguhan sing bisa diisi sajrone konstruksi resultatif ing antarane yaiku paraga, solah bawa, lan asil. Kalungguhan paraga ngisi guna jejer jalaran paraga minangka sing nindakake pakaryan. Dene kalungguhan solah bawa ngisi guna wasesa jalaran wasesa kasebut awujud tembung kriya pakaryan sing tumindake kanthi solah bawa. Solah bawa kasebut nuwuhake asil minangka titikan utama sajrone konstruksi resultatif. Asil sajrone ukara ora mesthi katulis minangka lesan, kaya dene ing perangan konstruksi resultatif denominal faktitif, asil ora ditulis kanthi cetha nanging kandhut sajrone tembung kriyane. Asil sajrone konstruksi resultatif faktitif ana sajrone linggane wasesa.

BAB III METODHE PANLITEN

Andharan ing bab III iki ngenani (1) titikane panliten, (2) dhata lan sumber dhata, lan (3) metodhe panliten. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

Titikane Panliten

Titikane panliten ing andharan iki diperang dadi loro, yaiku (1) jinise panliten lan (2) sipate panliten. Andharan luwih jangkepe kaya ing ngisor iki.

Jinis Panliten

Panliten ngenani konstruksi resultatif ing basa Jawa iki kalebu jinis panliten dheskriptif. Sajrone panliten iki dijlentrehake ngenani sesambungan ukara ngenani semantik, sintaksis, lan morfologine kanthi nggunakake teori transformasi generatif.

Sipat Panliten

Panliten linguistik iki asipat sinkronis, amarga basa kang dienggo dhata mujudake basa Jawa ing jaman saiki. Panliten asipat sinkronis, yaiku panliten basa kanthi nliti fenomena sawijine basa ing wektu tartamtu (Mahsun, 2005:117). Semono uga sajrone panliten iki dijlentrehake ngenani konstruksi resultatif ing basa Jawa kang dienggo ing tuturan mangsa saiki.

Ubarampe Panliten

Ubarampe panliten iki ana telu yaiku (1) dhata panliten, (2) sumber dhata panliten, lan (3) instrumen panliten.

Dhata Panliten

Dhata sing digunakake ing panliten iki yaiku dhata dhasar utawa dhata utama. Dhata utamane yaiku awujud teks tulis sing kalebu konstruksi resultatif. Dhata utama sajrone panliten iki dijupuk saka wacan sastra lan non-sastra sing ana ing kalawarti Jayabaya taun 2016. Dhata ing panliten iki mligi mung dhata tulis jalaran sajrone ilmu basa luwih nengake dhapukan tembung sing kalebu wujud, guna, lan kalungguhan. Dhata tulis luwih dipercaya jalaran nduweni struktur luwih sampurna.

Sumber Dhata Panliten

Sumber dhata minangka sumber panggon kang dibutuhake dening panliti kanggo njupuk dhata. Anane dhata dhasar kang digunakake sajrone panliten iki dijupuk saka kalawarti Jaya Baya taun 2015-2017 ing rubrik sastra lan non-sastra sing dhatane awujud teks tulis.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten kang digunakake sajrone panliten iki ana loro, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti.. Dene instrumen panyengkuyung ing panliten iki awujud piranti kang bisa nyengkuyung anggone panliti nglumpukake dhata. Piranti kuwi awujud kalawarti Jaya Baya, cathetan lan piranti kanggo nyathet utawa menehi tandha tumrap dhata adhedhasar konsep lan teori.

Tata Carane Panliten

Panliten ngenani konstruksi resultatif ing basa Jawa iki nggunakake metodhe lan teknik panliten kang diperang dadi telung cara, yaiku (1) tata cara nglumpukake dhata, (2) tata cara njlentrehake dhata, (3) tata cara nyuguhake asil jlentrehane dhata (Sudaryanto, 1993:5). Saben tata cara kuwi nduweni ancangan lan teknik dhewe-dhewe. Ancangan lan teknik mau bakal diandharake kaya mangkene.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata panliten iki nggunakake teknik cathet. Teknik cathet yaiku teknik golek dhata kanthi cara nyathet sakabehane dhata kang dibutuhake ing kartu dhata (Mahsun, 2005:131). Luwih jangkep anggone nglumpukake dhata yaiku kanthi cara (1) nglumpukake lan maca sumber dhata Jaya Baya, (2) nyathet ukara kang ngemu triaspek sintaksis lan konstruksi

resultatif ing kartu dhata, (3) dhata tulis awujud ukara sing ngemu konstruksi resultatif sing wis dicathet mau banjur diklompokake sajrone kartu dhata adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhane, (4) ukara sing wis diklumpukake diketig minangka lampiran dhata panliten kanthi menehi nomer urut.

Tata Cara Njlentrehake Dhata

Tata cara njlentrehake dhata sajrone panliten iki kanthi ngunakake metodhe dhistribusional utawa agih. Metodhe dhistribusional yaiku metodhe nganalisis dhata kanthi perangan saka basa kuwi dhewe dadi perangan sing nemtokake analisis (Sudaryanto, 1993:15). Metodhe dhistribusional dienggo kanggo njlentrehake wujud, guna, lan kalungguhan konstruksi resultatif sajrone kalawarti Jayabaya. Teknik sing dianggep trep dienggo ing panliten iki yaiku teknik nambahi (sisip), teknik ganti, teknik ngowahi (ngowahi wujud), lan teknik walik (balik)..

Teknik Nambahi

Teknik nambahi yaiku teknik njlentrehake dhata kanthi cara nambahi lan nyelipake sawijine unsur utawa satuwan basa tartamtu sajrone konstruksi sing dianalisis (Sudaryanto, 1993:36-100). Tata carane njlentrehake dhata kanthi teknik nambahi bisa dideleng ing tuladha iki:

- (1) Ibu-ibu nggawe jadah
- (1a) Ibu-ibu nggawe *olahan saka ketan supaya dadi jadah*.

Teknik Ganti

Teknik ganti yaiku teknik njlentrehake dhata kanthi nggenti sawijine unsur tartamtu karo unsur tartamtu liyane sanjabane satuwan lingual. Tata carane njlentrehake dhata kanthi teknik ganti bisa dideleng ing tuladha iki:

- (2) Bung Karno mbangun Istora Senayan.
- (2a) *Omah Landa* mbangun Istora Senayan.

Teknik Ngowahi Wujud

Teknik ngowahi wujud njalari owahe salah siji utawa saperangan unsur satuwan lingual. Tata carane njlentrehake dhata kanthi teknik ngowahi bisa dideleng ing tuladha ngisor iki:

- (3) Ibu ngracik lonthong balap.
- (3a) Lonthong balap diracik ibu.

Teknik Walik

Teknik walik yaiku teknik njlentrehake dhata kanthi malik sawijine unsur tartamtu karo unsur tartamtu liyane. Tata carane njlentrehake dhata kanthi teknik walik bisa dideleng ing tuladha iki:

- (4) Warga desa Nglurah nggawe sesaji ing Candhi Dhukutan.

(4a) Sesaji ing Candhi Dhukutan digawe dening warga desa Nglurah.

Tata Cara Nyuguhake Asil Jlentrehane Dhata

Tata cara nyuguhake asil jlentrehane dhata digunakake cara formal lan informal (Sudaryanto, 1993:144). Cara nyuguhake dhata formal yaiku cara nyuguhake dhata nggunakake tandha-tandha lan lambang-lambang. Sajrone panliten konstruksi resultatif ing basa Jawa iki cara nyuguhake dhata formal yaiku mawa rumus. Dene cara nyuguhake dhata informal yaiku cara nyuguhake asile dhata kang wis dijlentrehake kanthi cara dheskripsi kang nggunakake tembung-tembung lumrah (Sudaryanto, 1993:145). Panliten ngenani konstruksi resultatif ing basa Jawa iki nggunakake tata cara nyuguhake dhata kanthi cara formal lan informal.

BAB IV

JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASIL PANLITEN

Isine bab IV iki diperang dadi telu, yaiku (1) andharan lan jlentrehane dhata, (2) asile panliten, lan (3) dhiskusi asile panliten. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

Andharan lan Jlentrehane Dhata Panliten

Andharan lan jlentrehane dhata ing panliten iki ana loro, yaiku (1) konstruksi resultatif deprakategorial, lan (2) konstruksi resultatif denominal. Perangan kasebut diandharake lan dijlentrehake ing ngisor iki.

Konstruksi Resultatif Deprakategorial

Konstruksi resultatif mawa tembung kriya deprakategorial diperang dadi telu adhedhasar jinis tembung kriyane, yaiku (1) konstruksi resultatif deprakategorial prodhuktif, (2) konstruksi resultatif deprakategorial substantif, (3) konstruksi resultatif deprakategorial instrumental. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

1) Konstruksi Resultatif Deprakategorial Prodhuktif

Andharan lan jlentrehane ngenani konstruksi resultatif deprakategorial prodhuktif dituduhake ing ukara ngisor iki.

(1)	Ibu-ibu	nggawe	jadah	(JB No. 28 Minggu II Maret 2017 kc.25)
W	TAr (insani sesambungan kerabat)	TKr depakategorial prodhuktif	TAr (non- insani maujud)	
G	Je	Wa	Le	
K	Prg	Solah bawa	Asl	

Dhata ing ndhuwur nuduhake anane konstruksi resultatif deprakategorial prodhuktif mawa tembung aran insani sesambungan kerabat, katitik saka tembung kriya sing manggon minangka wasesa kalebu tembung kriya deprakategorial prodhuktif. Tembung kriya “nggawe” sajrone ukara kasebut asale saka bakale tembung “gawe” sing diarani prakategorial lan nuwuhake asil saka samubarang sing ditindakake. Konstruksi kasebut diwiwiti dening jejer sing awujud tembung aran insani minangka paraga. Dene asil saka tumindak paraga ditulis sawise wasesa minangka lesan sing awujud tembung aran non-insani maujud. Kanggo nitiki yen tembung kriya sing dienggo kalebu resultatif yaiku kanthi nambahi panambang (-an) tumrap tembung linggane “nggawe” dadi “gawean”. Sawise ditambahi lan nuduhake asil, tembung kriya kasebut kalebu resultatif. Konstruksi resultatif uga bisa dibuktekake kanthi dhata ing ngisor iki.

(1a) Sandhal nggawe jadah. *)

(1b) Ibu-ibu nggawe olahan saka ketan supaya dadi jadah.

(1c) Jadah digawe dening ibu-ibu.

Ukara (1a) ing ndhuwur nuduhake jejer sing awujud tembung aran non-insani. Mula ukara (1a) kasebut ora kalebu konstruksi resultatif deprakategorial prodhuktif mawa tembung aran insani sesambungan kerabat. Tembung aran non-insani ora bisa dadi jejer tumrap konstruksi resultatif amarga ora nduweni nyawa kanggo nindakake samubarang. ukara (1a) kasebut kalebu ukara sing gramatikal nanging ora semantis amarga “sandal” ora bisa nindakake “nggawe jadah” senajan tembung “sandal” kasebut kalebu tembung aran. Tembung “ibu-ibu” sajrone ukara (1) uga kalebu tembung aran, kanggo mbuktekake yaiku kanthi nambahi tembung “dudu” ing sangarepe “ibu-ibu”. Sawise ditambahi tembung “dudu” dadi “dudu ibu-ibu” dirasa trep, mula tembung “ibu-ibu” kalebu tembung aran. Saka teori sing wis dicethakake ing bab II ngenani peranan tembung aran lan frase aran, tembung “ibu-ibu” kalebu tembung aran insani sesambungan kerabat. Mula saka kuwi tembung “ibu-ibu” bisa dadi jejer tumrap ukara (1). Tembung aran “ibu-ibu” manggoni guna jejer jalaran bisa mangsuli pitakon “sapa sing nggawe jadah?”. Wangsulan saka pitakon kasebut yaiku “ibu-ibu”, mula tembung “ibu-ibu” minangka jejer sajrone ukara kasebut.

Tembung “nggawe” sing manggon sawise tembung aran “ibu-ibu” kalebu tembung kriya. Kanggo mbuktekake yaiku kanthi nambahi tembung “ora” sadurunge tembung “nggawe”. Sawise ditambahi tembung “ora” dadi “ora nggawe” dirasa trep, mula tembung nggawe kalebu tembung kriya. Tembung kriya “nggawe” kalebu tembung kriya sing asale saka bakale tembung utawa prakategorial

“gawe” sing antuk nasal (n-). Tembung “nggawe” kalebu tembung kriya prodhuktif jalaran tumindak “nggawe” kasebut bisa nuwuhake asil. Tumindak “nggawe” kalebu tumindak sing lumrah dicakake kanthi asil sing ora mligi, tegese asil apa wae bisa digathukake karo tembung kriya “nggawe”. Tembung “nggawe” manggoni kalungguhan solah bawa jalaran kalebu solah sing ditindakake dening paraga.

Asil sing dituwuhake saka tumindak “nggawe” kasebut awujud tembung aran non insani maujud yaiku “jadah”. Tembung “jadah” kalebu tembung aran jalaran trep sawise ditambahi tembung “dudu” ing sangarepe dadi “dudu jadah”. Tembung aran “jadah” kalebu tembung aran non-insani maujud amarga ora nduweni nyawa lan wujud bisa dicekel kanthi maujud (nyata). Tembung aran “jadah” ngisi guna lesan katitik saka panggone sing manggon sawise wasesa. Saliyane kuwi kanggo mbuktekake yen tembung “jadah” kasebut kalebu lesan yaiku kanthi ngowahi ukara (1) dadi ukara tanggap (1c). Sawise diowahi dadi ukara tanggap bisa dideleng yen tembung “jadah” bisa dadi jejer sajrone ukara (1c) mula tembung “jadah” kalebu lesan ing ukara (1). Tembung aran “jadah” manggoni kalungguhan asil jalaran bisa mangsuli pitakonan “apa sing digawe ibu-ibu?”. Wangsulane “jadah” nuduhake yen tembung aran kasebut minangka asil saka tumindak “nggawe” sing ditindakake dening “ibu-ibu”. Saliyane kuwi bisa uga dibuktekake kanthi cara nyeselake saperangan tembung ing antarane tembung “nggawe” lan “jadah”. Seselan sing trep yaiku frase “olahan saka ketan supaya dadi”, amarga “jadah” dhewe tegese araning panganan sing digawe saka ketan (Sudaryanto, 2001:340). Frase seselan ing ukara (1b) ora prelu ditulis sajrone tata konstruksi resultatif kanggo ngirit praktise basa jalaran isih nduweni teges sing padha.

2) Konstruksi Resultatif Deprakategorial Substantif

Andharan lan jlentrehan ngenani konstruksi resultatif deprakategorial substantif dituduhake ing ukara ngisor iki.

(2)	<u>Bulik</u>	<u>ngracik</u>	gadho-gadho	(JB No. 46 Minggu III Jul 2016 kc. 29)
W	TAr (insani sesambungan kerabat)	TKr deprakategorial substantif	TAr (non-insani maujud)	
G	Je	Wa	Le	
K	Prg	Solah bawa	Asl	

Dhata ing ndhuwur nuduhake anane konstruksi resultatif deprakategorial substantif mawa tembung aran insani sesambungan kerabat, bisa dideleng saka tembung kriya sing dienggo lan jejer minangka paragane. Tembung

kriya sing dienggo kalebu tembung kriya deprakategorial substantif amarga tembung “ngracik” asale saka bakale tembung utawa prakategorial “racik”. Dene tembung aran minangka jejer sajrone ukara kasebut yaiku kalebu tembung aran sesambungan kerabat. Konstruksi kasebut diwiwiti dening jejer sing awujud tembung aran insani minangka paraga. Dene asil saka tumindak paraga ditulis sawise wasesa minangka lesan sing awujud tembung aran non-insani maujud. Kanggo nitiki yen tembung kriya sing dienggo kalebu resultatif yaiku kanthi nambahi panambang (-an) tumrap tembung linggane “ngracik” dadi “racikan”. Sawise ditambahi lan nuduhake asil, tembung kriya kasebut kalebu resultatif. Konstruksi resultatif uga bisa dibuktekake kanthi dhata ing ngisor iki.

(2a) Sabun ngracik gadho-gadho. *)

(2b) Bulik ngracik *bumbon, lonthong, kenthang, lan bahan liyane supaya dadi gadho-gadho.*

(2c) Gadho-gadho digawe dening bulik.

Ukara (2a) ing ndhuwur nuduhake jejer sing awujud tembung aran yaiku “sabun”, sing kalebu tembung aran non-insani. Tembung aran non-insani ora bisa dadi jejer tumrap konstruksi resultatif amarga ora nduweni nyawa kanggo nindakake samubarang. Ing ukara (2) jejere awujud tembung aran insani, mula bisa kalebu konstruksi resultatif. Tembung “bulik” kalebu tembung aran, kanggo mbuktekake yaiku kanthi nambahi tembung “dudu” ing sangarepe tembung dadi “dudu bulik” Sawise ditambahi tembung “dudu” lan dirasa trep mula tembung “bulik” kalebu tembung aran. Saka teori sing wis dicethakake ing bab II ngenani perangan tembung lan frase aran, tembung “bulik” kalebu tembung aran sesambungan kerabat. Mula saka kuwi tembung “bulik” bisa dadi jejer tumrap ukara (2). Tembung aran “bulik” manggoni guna jejer jalaran bisa mangsuli pitakon “sapa sing ngracik gadho-gadho?”. Wangsulane saka pitakon kasebut yaiku “bulik”, mula tembung “bulik” manggoni guna jejer sajrone ukara kasebut.

Tembung “ngracik” sing manggon sawise tembung aran “bulik” kalebu tembung kriya. Kanggo mbuktekake yaiku kanthi nambahi tembung “ora” sadurunge tembung “ngracik”. Sawise ditambahi tembung “ora” dadi “ora ngracik” dirasa trep, mula tembung “ngracik” kalebu tembung kriya. Tembung kriya “ngracik” kalebu tembung kriya sing asale saka bakale tembung utawa prakategorial “racik” sing antuk nasal (n-). Tembung “ngracik” kalebu tembung kriya substantif jalaran tumindak “ngracik” kasebut mujudake tumindak prodhuktif sing sesambungan langsung karo sing diasilake tanpa proses sing akeh.

Tumindak “ngracik” kalebu tumindak sing bisa dicakake tumrap samubarang sing bahane wis cumepak.

Asil sing dituwuhake saka tumindak “ngracik” kasebut awujud tembung aran non insani maujud yaiku “gadho-gadho”. Tembung “gadho-gadho” kalebu tembung aran jalaran trep sawise ditambahi tembung “dudu” ing sangarepe dadi “dudu gadho-gadho”. Tembung aran “gadho-gadho” kalebu tembung aran non-insani maujud amarga ora nduweni nyawa lan wujud bisa dicekel kanthi maujud (nyata). Tembung aran “gadho-gadho” ngisi guna lesan katitik saka panggone sing manggon sawise wasesa. Saliyane kuwi kanggo mbuktekake yen tembung “gadho-gadho” kasebut kalebu lesan yaiku kanthi ngowahi ukara (2) dadi ukara tanggap (2c). Sawise diowahi dadi ukara tanggap bisa dideleng yen tembung “gadho-gadho” bisa dadi jejer sajrone ukara (2c) ateges tembung “gadho-gadho” kalebu lesan ing ukara (2). Tembung aran “gadho-gadho” manggoni kalungguhan asil jalaran bisa mangsuli pitakonan “apa sing diracik dening bulik?”. Wangsulane “gadho-gadho” nuduhake yen tembung aran kasebut minangka asil saka tumindak “ngracik” sing ditindakake dening “bulik”. Saliyane kuwi bisa uga dibuktekake kanthi nyeselake saperangan tembung kaya ing ukara (2b). Frase seselan diseleh ing antarane tembung “ngracik” lan “gadho-gadho”, yaiku “bumbon, lonthong, kenthang, lan bahan liyane supaya dadi”. Frase kasebut negesake yen “gadho-gadho” yaiku sawijine olahan panganan sing diracik saka bahan-bahan ing antarane lonthong, selada, kenthang, bumbu, lan bahan liyane.

3) Konstruksi Resultatif Deprakategorial Instrumental

Andharan lan jlentrehan ngenani konstruksi resultatif deprakategorial instrumental dituduhake ing ukara ngisor iki.

(3)	Ibu	nggodhog	kupat	nganggo panci presto	(JB No. 46 Minggu III Jul 2016 kc. 43)
W	TAr (insani sesambungan kerabat)	TKr deprakategorial instrumental	TAr (non-insani maujud)	FAr (non-insani maujud)	
G	Je	Wa	Le	Kt	
K	Prg	Solah bawa	Asl	Cra	

Dhata ing ndhuwur nuduhake anane konstruksi resultatif deprakategorial instrumental mawa frase aran insani sesambungan kerabat, bisa dideleng saka tembung kriya sing dienggo lan jejer minangka paragane. Tembung kriya sing dienggo kalebu tembung kriya deprakategorial substantif amarga tembung “nggodhog” asale saka bakale tembung utawa prakategorial “godhog”. Dene frase aran

minangka jejer sajrone ukara kasebut yaiku kalebu frase aran sesambungan kerabat. Konstruksi kasebut diwiwiti dening jejer sing awujud frase aran insani minangka paraga. Dene asil saka tumindak paraga ditulis sawise wasesa minangka lesan sing awujud tembung aran non-insani maujud.

(3a) Kabel ireng nggodhog kupat nganggo panci presto. *)

(3b) Ibu nggodhog beras diwadhahi janur supaya dadi kupat nganggo panci presto.

(3c) Kupat digodhog dening ibu nganggo panci presto.

Ukara (3a) ing ndhuwur nuduhake jejer sing awujud frase aran yaiku “kabel ireng”, sing kalebu frase aran non-insani. Frase aran non-insani ora bisa dadi jejer tumrap konstruksi resultatif amarga ora nduweni nyawa kanggo nindakake samubarang. Ing ukara (3) jejere awujud frase aran insani, mula bisa kalebu konstruksi resultatif.

Tembung “ibu” kalebu tembung aran, kanggo mbuktekake yaiku kanthi nambahi tembung “dudu” ing sangarepe tembung dadi “dudu ibu”. Sawise ditambahi tembung “dudu” lan dirasa trep mula tembung “ibu” kalebu tembung aran. Saka teori sing wis dicethakake ing bab II ngenani perangan tembung lan frase aran, tembung “ibu” kalebu tembung aran insani jeneng. Mula saka kuwi tembung “ibu” bisa dadi jejer tumrap ukara (3). Tembung aran “ibu” manggoni guna jejer jalaran bisa mangsuli pitakon “sapa sing nggodhog kupat nganggo panci presto?”. Wangsulane saka pitakon kasebut yaiku “ibu”, mula tembung “ibu” manggoni guna jejer sajrone ukara kasebut.

Tembung “nggodhog” sing manggon sawise tembung aran “ibu” kalebu tembung kriya. Kanggo mbuktekake yaiku kanthi nambahi tembung “ora” sadurunge tembung “nggodhog”. Sawise ditambahi tembung “ora” dadi “ora nggodhog” dirasa trep, mula tembung “nggodhog” kalebu tembung kriya. Tembung kriya “nggodhog” kalebu tembung kriya sing asale saka bakale tembung utawa prakategorial “godhog” sing antuk nasal (n-). Tembung “nggodhog” kalebu tembung kriya substantif jalaran tumindak “nggodhog” kasebut mujudake tumindak prodhuktif sing ditindakake kanthi alat tartamtu.

Asil sing dituwuhake saka tumindak “nggodhog” kasebut awujud tembung aran non-insani maujud yaiku “kupat”. Tembung “kupat” kalebu tembung aran jalaran trep sawise ditambahi tembung “dudu” ing sangarepe dadi “dudu kupat”. Tembung aran “kupat” kalebu tembung aran non-insani maujud amarga ora nduweni nyawa lan wujud bisa dicekel kanthi maujud (nyata). Tembung aran “kupat” ngisi guna lesan katitik saka panggone sing manggon sawise wasesa. Saliyane kuwi kanggo mbuktekake yen

tembung “kupa” kasebut kalebu lesan yaiku kanthi ngowahi ukara (3) dadi ukara tanggap (3c). Sawise diowahi dadi ukara tanggap bisa dideleng yen tembung “kupa” bisa dadi jejer sajrone ukara (3c) ateges tembung “kupa” kalebu lesan ing ukara (3). Tembung aran “kupa” manggoni kalungguhan asil jalaran bisa mangsuli pitakon “apa sing digodhog dening Ibu nganggo panci presto?”. Wangsulane “kupa” nuduhake yen tembung aran kasebut minangka asil saka tumindak “nggodhog” sing ditindakake dening “Ibu”. Saliyane kuwi bisa uga dibuktekake kanthi nyeselake saperangan frase kaya ing ukara (3b). Frase seselan disela ing antarane tembung “nggodhog” lan “kupa”, yaiku “beras diwadahi janur supaya dadi”. Frase kasebut negesake yen “kupa” yaiku godhogan beras sing dibuntel janur.

Konstruksi Resultatif Denominal

Konstruksi resultatif denominal diperang dadi loro adhedhasar linggane wasesa yaiku, yaiku (1) konstruksi resultatif denominal instrumental, lan (2) konstruksi resultatif denominal faktitif. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

1) Konstruksi Resultatif Denominal Instrumental

Andharan lan jlentrehan ngenani konstruksi resultatif denominal instrumental dituduhake ing ukara ngisor iki.

(4)	<u>Bapake</u>	<u>nyunduk</u>	<u>sate</u>
W	TAr (insani sesambungan kerabat)	TKr deprakategorial instrumental	TAr (non- insani maujud)
G	Je	Wa	Le
K	Prg	Solah bawa	Asl

(JB No. 51
Minggu III
Agt 2016
kc. 27)

Dhata ing ndhuwur nuduhake anane konstruksi resultatif denominal instrumental, katitik saka tembung kriya sing dienggo kalebu tembung kriya instrumental. Konstruksi resultatif instrumental diwiwiti saka tembung utawa frase aran minangka jejer lan nduweni kalungguhan paraga. Sawise jejer ditulis tembung kriya instrumental minangka wasesa lan nduweni kalungguhan solah bawa. Dene asil ditulis sawise wasesa kanthi wujud tembung utawa frase aran kanthi guna lesan.

(4a) *Cikrak nyunduk sate.* *)

(4b) *Bapake nyunduk daging supaya dadi sate.*

(4c) *Sate disunduk dening Bapake.*

Ukara (4a) ing ndhuwur nuduhake jejer sing awujud tembung aran yaiku “cikrak”, sing kalebu tembung aran non-insani. Tembung aran non-insani ora bisa dadi jejer tumrap konstruksi resultatif amarga ora nduweni nyawa kanggo nindakake samubarang. Ing ukara (4) jejere awujud tembung aran insani, mula bisa kalebu konstruksi resultatif.

Tembung “Bapake” kalebu tembung aran, kanggo mbuktekake yaiku kanthi nambahi tembung “dudu” ing sangarepe tembung dadi “dudu Bapake”. Sawise ditambahi tembung “dudu” lan dirasa trep mula tembung “Bapake” kalebu tembung aran. Saka teori sing wis dicethakake ing bab II ngenani perangan tembung lan frase aran, tembung “Bapake” kalebu tembung aran insani sesambungan kerabat. Mula saka kuwi tembung “Bapake” bisa dadi jejer tumrap ukara (4). Tembung aran “Bapake” manggoni guna jejer jalaran bisa mangsuli pitakon “sapa sing nyunduk sate?”. Wangsulane saka pitakon kasebut yaiku “Bapake”, mula tembung “Bapake” manggoni guna jejer sajrone ukara kasebut.

Tembung “nyunduk” sing manggon sawise tembung aran “Bapake” kalebu tembung kriya. Kanggo mbuktekake yaiku kanthi nambahi tembung “ora” sadurunge tembung “nyunduk”. Sawise ditambahi tembung “ora” dadi “ora nyunduk” dirasa trep, mula tembung “nyunduk” kalebu tembung kriya. Tembung kriya “nyunduk” kalebu tembung kriya sing asale saka tembung aran “sunduk”. Tembung “sunduk” kalebu tembung aran instrumental amarga kalebu piranti sing bisa nuwuhake asil tartamtu. Tembung “sunduk” ngalami owah-owahan wujud saka tembung aran dadi tembung kriya sawise antuk wuwuhan nasal (n-). Tembung kriya “nyunduk” nduweni kalungguhan solah bawa katitik yen tumindak kasebut nduweni proses tartamtu nganti bisa ngasilake samubarang.

Asil sing dituwuhake saka tumindak “nyunduk” kasebut awujud tembung aran non-insani maujud yaiku “sate”. Tembung “sate” kalebu tembung aran jalaran trep sawise ditambahi tembung “dudu” ing sangarepe dadi “dudu sate”. Tembung aran “sate” kalebu tembung aran non-insani maujud amarga ora nduweni nyawa lan wujud bisa dicekel kanthi maujud (nyata). Tembung aran “sate” ngisi guna lesan katitik saka panggone sing manggon sawise wasesa. Saliyane kuwi kanggo mbuktekake yen tembung “sate” kasebut kalebu lesan yaiku kanthi ngowahi ukara (4) dadi ukara tanggap (4c). Sawise diowahi dadi ukara tanggap bisa dideleng yen tembung “sate” bisa dadi jejer sajrone ukara (4c) ateges tembung “sate” kalebu lesan ing ukara (4). Tembung aran “sate” manggoni kalungguhan asil jalaran bisa mangsuli pitakon “apa sing disunduk dening Bapake?”. Wangsulane “sate” nuduhake yen tembung aran kasebut minangka asil saka tumindak “nyunduk” sing ditindakake dening “Bapake”. Saliyane

kuwi bisa uga dibuktekake kanthi nyeselake saperangan frase kaya ing ukara (4b). Frase seselan diseleh ing antarane tembung “nyunduk” lan “sate”, yaiku “daging supaya dadi”. Frase kasebut negesake yen “sate” yaiku olahan daging sing disunduki banjur dibakar ing ndhuwure areng.

2) Konstruksi Resultatif Denominal Faktitif

Andharan lan jlentrehan ngenani konstruksi resultatif denominal faktitif dituduhake ing ukara ngisor iki.

(5)	<u>Mboke</u>	<u>njangan</u>	<u>bung</u>	(JB No. 76 Minggu III Nop 2016 kc. 23)
W	TAr (insani sesambungan kerabat)	TKr faktitif	TAr (non-insani maujud)	
G	Je	Wa	Gg	
K	Prg	Solah bawa		

Dhata ing ndhuwur nuduhake anane konstruksi resultatif denominal faktitif, katitik saka tembung kriya sing dienggo kalebu tembung kriya faktitif. Konstruksi resultatif faktitif diwiwiti saka tembung utawa frase aran minangka jejer lan nduweni kalungguhan paraga. Sawise jejer, ditulis tembung kriya faktitif minangka wasesa lan nduweni kalungguhan solah bawa. Dene asil saka tumindak sajrone ukara kasebut ora ditulis kanthi gamblang. Asil ditulis minangka tembung lingga sajrone tembung kriya faktitif. Tembung kriya faktitif sing ana sajrone ukara kasebut wis ngandhut asil saka proses tumindake.

(5a) *Enthong njangan bung. **

(5b) Bung dijanggan dening mboke.

Ukara (5a) ing ndhuwur nuduhake jejer sing awujud tembung aran yaiku “enthong”, sing kalebu tembung aran non-insani. Tembung aran non-insani ora bisa dadi jejer tumrap konstruksi resultatif amarga ora nduweni nyawa kanggo nindakake samubarang. Ing ukara (5) jejere awujud tembung aran insani, mula bisa kalebu konstruksi resultatif. Tembung “mboke” kalebu tembung aran, kanggo mbuktekake yaiku kanthi nambahi tembung “dudu” ing sangarepe tembung dadi “dudu mboke”. Sawise ditambahi tembung “dudu” lan dirasa trep mula tembung “mboke” kalebu tembung aran. Saka teori sing wis dicethakake ing bab II ngenani perangan tembung lan frase aran, tembung “Mboke” kalebu tembung aran sesambungan kerabat. Mula saka kuwi tembung “Mboke”

bisa dadi jejer tumrap ukara (5). Tembung aran “Mboke” manggoni guna jejer jalaran bisa mangsuli pitakon “sapa sing njangan bung?”. Wangsulane saka pitakon kasebut yaiku “Mboke”, mula tembung “Mboke” manggoni guna jejer sajrone ukara kasebut.

Tembung “njangan” sing manggon sawise tembung aran “Mboke” kalebu tembung kriya. Kanggo mbuktekake yaiku kanthi nambahi tembung “ora” sadurunge tembung “njangan”. Sawise ditambahi tembung “ora” dadi “ora njangan” dirasa trep, mula tembung “njangan” kalebu tembung kriya. Tembung kriya “njangan” kalebu tembung kriya sing asale saka tembung aran “jangan”. Tembung “jangan” kalebu tembung aran sing nuduhake asil saka tumindak “njangan”. Tembung “jangan” ngalami owah-owahan wujud saka tembung aran dadi tembung kriya sawise antuk wuwuhan nasal (n-). Tembung kriya “njangan” nduweni kalungguhan solah bawa katitik yen tumindak kasebut nduweni proses tartamtu nganti bisa ngasilake samubarang.

Asil sing dituwuhake saka tumindak “njangan” kasebut ora ditulis kanthi gamblang minangka lesan kaya tipe konstruksi resultatif sadurunge, nanging wis kandhut sajrone linggane tembung kriya faktitif. Kanggo mbuktekake yen asil kasebut ana sajrone tembung kriya faktitif yaiku kanthi nggawe pitakon “apa sing diasilake saka tumindak njangan?”. Wangsulane saka pitakon kasebut yaiku “jangan”, tembung “jangan” minangka tembung lingga saka tumindak “njangan” kasebut minangka asil. Mula bisa didudut yen konstruksi resultatif faktitif iki ora mbutuhake lesan minangka asil. Senajan sajrone konstruksi resultatif faktitif ora mbutuhake lesan minangka asil, nanging bisa uga ngandhut lesan minangka sasaran. Kaya ing ukara (5) tembung “bung” sing manggon sawise wasesa nuduhake lesan minangka sasaran. Kanggo mbuktekake yen tembung “bung” kalebu lesan minangka sasaran yaiku kanthi mangsuli pitakonan “apa sing dijanggan mboke?”. Wangsulane “bung” nuduhake sasaran sing bakale “dijanggan” dening mboke.

BAB V PANUTUP

Isine Bab V diperang dadi loro, yaiku (1) dudutan lan (2) pamrayoga, diandharake ing ngisor iki.

Dudutan

Konstruksi resultatif ora dumadi ing saben basa. Salah sawijine basa sing bisa nuwuhake konstruksi resultatif yaiku basa Jawa. Konstruksi resultatif ing basa Jawa ana kanthi tujuwan kanggo ngirit panggunane tembung sajrone ukara. Konstruksi resultatif kalebu perangan relasi semantik gramatikal. Mula panliten iki diteliti adhedhasar triaspek sintaksis. Wujud, guna, lan kalungguhan minangka perangan wigati kanggo

nemtokake bedane perangan siji lan sijine. Relasi semantik gramatikal nuduhake anane sesambungan antarane bidhang ilmu semantik lan sintaksis. Struktur ukara minangka bidhang sintaksis nduweni pangaribawa tumrap makna saka bidhang semantik. yen struktur sawijine ukara owah, bisa uga ngowahi makna sing wis ana.

Pamrayoga

Asile panliten iki isih akeh kurang lan lupute, mula panliti ngarepake ana panyaru sing asipat mbangun supaya panliten sabanjure bisa kasil luwih apik. Saliyane kuwi panliti uga menehake pamrayoga kanggo panliten ngenani konstruksi, mligine ngenani konstruksi resultatif ing basa Jawa, yaiku (1) isih akeh topik panliten ngenani konstruksi resultatif ing basa Jawa sing durung diteliti yaiku ngenani jinise perangan konstruksi resultatif deprakategorial prodhuktif, konstruksi resultatif deprakategorial substantif, konstruksi resultatif deprakategorial instrumental, konstruksi resultatif denominal instrumental, lan konstruksi resultatif denominal faktitif, jinise konstruksi resultatif isih bisa diperang dhewe-dhewe, (2) ing bab dhata, panliten iki ora nggunakake dhata lisan nanging mung nliti dhata tulis, kamangka dhata lisan uga bisa ditliti ngenani konstruksi resultatif ing kacamata pragmatik, (3) panliten ngenani konstruksi liyane uga isih winates ditindakake, kaya dene ngenani konstruksi progresif, konstruksi refleksif, konstruksi resiprokal, konstruksi ekuatif, lsp. Mula diajab ana panliten sing bisa menehi koreksi tumrap asile panliten iki lan nambahi referensi pasinaon basa mligine bab konstruksi.

KAPUSTAKAN

- Adipitoyo, Sugeng. 2013. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa*. Surabaya: Citra Wacana
- Alwasillah, Chaedar. 2011. *Beberapa Mazhab dan Dikotomi Teori Linguistik*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Atmodjo, S. Prawiro. 1990. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Yayasan “Djojo Bojo”
- Ba’dulu, Abdul Muis dan Herman. 2005. *Morfosintaksis*. Jakarta: Rineka Cipta
- Chaer, Abdul. 2006. *Bahasa Indonesia dalam Masyarakat : Telaah Semantik*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- _____. 2002. *Pembakuan Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Daryanto. 1999. *Kawruh Basa Jawa Pepak*. Surabaya : Apollo
- Djajasudarma, Fatimah. 1993. *Metode Linguistik, Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: Eresco
- Kridalaksana, H.. 2011. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia
- _____. 1996. *Pembentukan Kata dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia
- Lappin, Shalom. 1997. *The Handbook of Contemporary Semantic Theory*. USA: Blackwell Publisher
- Mahsun, M.D.. 2007. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: P.T. Raja Grafindo Persada
- Nedjalkov, Vladimir P.. 1983. *Typology of Resultative Constructions*. Amsterdam: John Benjamins Publishing Company
- Parera, J.D. 2009. *Dasar-dasar Analisis Sintaksis*. Jakarta: Erlangga
- _____. 2010. *Morfologi Bahasa*. Jakarta: Gramedia
- Putrayasa, Ida Bagus. 2008. *Kajian Morfologi (Bentuk Derivasional dan Infleksional)*. Singaraja: Anggota IKAPI
- Samsuri. 1988. *Morfologi dan Pembentukan Kata*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2013. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Subagyo, Rahmad. 2014. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Surabaya
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- _____. 1994. *Predikat-objek dalam Bahasa Indonesia Keselarasan Pola-urutan*. Jogjakarta: Djambatan
- _____. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
- _____. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Suwadji. 1991. *Perbandingan Sistem Morfologi Verba Bahasa Jawa dengan Sistem Morfologi Verba Bahasa Indonesia*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

Tadjuddin, Moh. 2005. *Aspektualitas dalam Kajian Linguistik*. Bandung: PT. Alumni

Tampubolon, dkk. 1979. *Tipe-tipe Semantik Kata Kerja Bahasa Indonesia Kontemporer*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

Tomioka, Naoko. 2006. *Resultative Constructions: Cross-Linguistic Variation and The Syntax-Semantics Interface*. Canada: Department of Linguistic, McGill University, Montreal

Tubiyono, dkk. 2001. *Struktur Semantis Verba dan Aplikasinya pada Struktur Kalimat dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional

Wedhawati, dkk. 1990. *Tipe-tipe Klausa dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

_____. 1990. *Tipe-tipe Semantik Verba Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

_____. 2001. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional

Verhaar. 1995. *Pengantar Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University

SKRIPSI

Safitri, Aprilia. 2014. “Konstruksi Sintaksis mawa Tembung Kriya Nenandhang –en”. (*Skripsi ora diterbitake*). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa

Safitri, Riana. 2016. “Wujud, Guna, lan Kalungguhane Rimbag Tanduk I-Kriya”. (*Skripsi ora diterbitake*). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa

Astari, Dita Candra. 2014. “Wujud, Guna, lan Kalungguhane Rimbag Bawa-ma”. (*Skripsi ora diterbitake*). Surabaya: Jurusan PBS-D-FBS-Unesa